



Lis verifikasyon Dosye Anplwaye ki nan Pwogram Gadri pou Timoun ki an gwoup ak Sa ki nan Laj Pou Ale lekòl ak pwogram Gadri ki Resevwa Finansman

Nimewo Règleman an: FO-26-02

Dat Li Pibliye: 4 Mas, 2026

Dat li An Vigè: 1ye Avril, 2026

Aplikabilite: Pwogram Gadri Timoun an Gwoup, Ki nan Laj pou Ale Lekòl, ak
Pwogram ki Resevwa Finansman

ENFÒMASYON DEBAZ

Depatman Edikasyon ak Gadri/Swen pou Timoun Piti nan Massachusetts (EEC) sipòte yon jesyon anplwa ki efikas nan tout pwogram gadri timoun yo pou Pwogram an Gwoup ak Pwogram ki pran Timoun ki nan Laj pou Ale Lekòl (GSA) ak pwogram Gadri pou timoun ki resevwa Finansman nan men Commonwealth la. Pou ede kenbe kalifikasyon an ajou ak lòt enfòmasyon ki enpòtan pou anplwaye k ap travay ak timoun, EEC egzije ke pwogram GSA ak sa ki resevwa Finans yo itilize lis verifikasyon dosye anplwaye EEC yo dapre kondisyon ki note nan politik/règleman sa a.

OTORITE

- 606 CMR 7.04(4): Egzijans Dosye yo
- 606 CMR 7.04(5): Dosye Anplwaye yo

DEFINISYON

Nan objektif politik/règleman sa a, yo itilize definisyon sa yo:

- Manm Anplwaye yo: Nenpòt moun ki anplwaye nan pwogram swen/gadri timoun nan oswa k ap travay avè l epi ki ka an kontak ak timoun nan.

DEKLARASYON SOU POLITIK/RÈGLEMAN AN

Dapre 606 CMR 7.04(4), tout pwogram swen/gadri pou timoun ki nan Pwogram an Gwoup ak Pwogram pou Timoun ki nan Laj pou Ale Lekòl (GSA) ak pwogram gadri pou timoun ki resevwa finansman dwe kreye epi kenbe yon lis verifikasyon pou dosye anplwaye yo pèsònèl.

Pwogram GSA ki gen lisans dwe itilize modèl aktyèl EEC GSA Lis Verifikasyon Dosye Anplwaye [gade seksyon "Enfòmasyon Anplis" ki pa anba a] pou kreye lis verifikasyon yo epi ranpli tout seksyon ki aplikab pou chak manm anplwaye yo.

Nòt: Modèl lis verifikasyon dosye anplwaye EEC yo pa enkli tout dosye ke règleman EEC yo egzije pwogram gadri timoun yo pou yo kenbe (606 CMR 7). Se devwa chak pwogram pou asire ke yo genyen tout dosye ke EEC egzije, sa ki enkli men ki pa limite a dokiman ki nan modèl lis verifikasyon yo sèlman.

Kenbe Lis Verifikasyon Dosye Anplwaye yo

GSA ak Administratè pwogram ki resevwa finansman yo, oswa moun yo chwazi yo, dwe ranpli, siyen, epi mete dat sou afidavi ki nan Lis Verifikasyon Dosye Anplwaye ki nan pwogram nan chak ane pou temwaye ke enfòmasyon ki sou lis la ajou. Administratè yo dwe revize lis verifikasyon an chak mwa pou asire enfòmasyon anplwaye yo ajou.

KONFÒMITE

Ajan EEC ki lisansye yo ka mezire/verifye konfòmite yo lè y ap revize Lis Verifikasyon Dosye Anplwaye chak pwogram pandan vizit lisans yo. EEC gen dwa pou mande dosye pèsònèl anplwaye yo si sa nesesè. Anplwaye EEC yo ap revize sèlman dokiman sipò pou chak nouvo enfòmasyon yo antre sou lis verifikasyon an si yo deside ke enfòmasyon adisyonèl nesesè pou detèmine konfòmite.

ENFÒMASYON ANPLIS

Ou ka jwenn modèl lis verifikasyon pou dosye anplwaye aktyèl yo sou sitwèb EEC a. (www.mass.gov/EEC):

- [Modèl Lis Verifikasyon pou Dosye Anplwaye ki an Gwoup ak Sa ki Pran Timoun ki nan Laj pou Lekòl \(GSA\)](#)
- [Modèl Lis Verifikasyon sou Dosye Anplwaye Pwogram ki resevwa Finansman](#)